QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI
SHIMBAY RAYONI
H A' K I M L I G I
SH E SH I M I

QORAQALPOQ'STON RESPUBLIKASI
CHIMBOY TUMANI
H O K I M L I G I
Q A R O R I

Shımbay rayonı — Chimbay tumani

№2329 — 15-июль 2019-жыл

## Район аймағында жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳаққында

Шымбай районы Ишки ислер бөлиминиң 2019-жыл 29-апрельдеги 11/1893-санлы хатын, район ҳәкимлиги жанындағы жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мәселелери бойынша комиссияның 2019-жыл 31-майдағы 03-08/4-05/156-санлы баянламасын қарап шығып, Өзбекстан Республикасының «Жол ҳәрекети қәўипсизлиги ҳаққында»ғы Нызамы («Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами», 2016 йил 3-сон, 23-модда)ның XI-бөлимине, «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары ҳаққында»ғы Нызамының 25-статьясына муўапық

**Ш Е Ш И М   Е Т Е М Е Н :**

1. Шымбай районы Ишки ислер бөлиминиң 2019-жыл 29-апрелдеги 11/1893-санлы усыныс хаты мақуллансын.

2. Шымбай районы Жоллардан пайдаланыў унитар кәрханасы (Ш.Бекбергенов)на:

- район орайы 4Р176-«Нөкис-Тахтакөпир-Шымбай» автомобиль жолына «Крис П2463» маркалы тезликти өлшеў фоторадарын ямаса «Auctocon» мобил радар менен тәмийинлениў:
- Күнхожа ҳәм Амир Темир көшелери кесиспелерине фотофикселли камераларды орнатыў:

3. Шымбай районы Ишки ислер бөлиминиң Жол патруль хызмети бөлими (Б.Алламжаров)не:

- Жол патруль хызмети хызметкерлериниң жол транспорт қатнасыўшылары менен өз ара қатнасықлары гүзетиўши арнаўлы визуал гүзетиў қурылмалары менен тәмийинлеў тапсырылсын.

4. Бул шешим район ҳәкимлигиниң веб-сайтында ҳәмде «Шымбай ҳаўазы» газетасында рәсмий жәрияланcын.

5. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасары Б.Жуманиязовқа жүклеңсин.

6. Бул шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди

**Шымбай районы ҳәкими** — **П.Ещанов**

KO'SHIRMESI DURIS
20 j.